



FEMA

KISA NOU YE

POUKISA FEMA LA?

KOÒDONE



LIY ASISTANS FEMA

1-800-621-3362
TTY: 1-800-462-7585



FEMA

P.O. Box 10055
Hyattsville, MD 20782-8055



ASISTANS POU DEZAS

DisasterAssistance.gov
1-800-745-0243
Mizajou ak swivi aplikasyon yo

KONTAKTE NOU




Se Legal Services of North Florida, Inc. ki te
prepare sa a

POUKISA FEMA LA?

FEMA ka bay sipò finansye pou sèten domaj dezas te koze tankou:

- Ede pou repare domaj nan kay ou oswa pou peye pou lojman tanporè
- Ede nan depans medikal, fineray, antèman, ak gadri
- Ede ranplase kèk afè pèsònèl ki te andomaje oswa detwi nan yon dezas

FEMA ap sèlman ede si se dezas la ki te koze domaj oswa pèt la.



Enskripsyon

Kimoun ki ka Enskri?

- Sitwayen ameriken oswa resòtisan ameriken
- Rezidan pèmanan/moun ki gen kat vèt la

Lòt imigran ki kalifye tankou yon refijye oswa yon moun ki gen azil

Kilè Mwen ka Enskri?


Ou ka enskri pou asistans FEMA nan limit 60 jou apre Deklarasyon Dezas Prezidansyèl la ak otorizasyon asistans pou moun.

Kòman pou mwen enskri?

- Sou entènèt nan disasterassistance.gov
- Nan telefòn nan 1-800-621-3362
- Sèvi ak aplikasyon mobil FEMA a
- An pèsòn nan yon Sant Repriz pou Dezas (DRC) oswa yon Sant Enskripsyon Mobil (MRIC)

Kisa mwen bezwen pou mwen enskri?

- Adrès kay ki te andomaje a
- Dokiman ki montre ou te posede ak rete nan kay la lè dezas la
- Deskripsyon domaj nan kay ou a
- Si ou gen asirans, enfòmasyon sou asirans ou
- Nimewo Sekirite Sosyal ou
- Koòdone ou
- Revni total fwaye ou lè dezas la



KISA KAP FÈT APRE?

- Ou pral jwenn yon nimewo 9 chif pou enskripsyon ou.
- Yon enspektè FEMA ap vini lakay ou pou enspekte domaj yo oswa kòm prekosyon kont COVID, enspektè a ka fè aranjman pou yon enspeksyon a distans.
- Siveye tout dokiman FEMA yo.
- Pran foto deyò ak anndan tout domaj nan pwopriyete ou a. Konsève resi nenpòt kòb pou depanse nan reparasyon.
- Nan espas yon 10 jou apre enspeksyon an, FEMA ta dwe voye detèminasyon kalifikasyon an.
- Li detèminasyon kalifikasyon an ak anpil atansyon epi chèche konsèy legal si yo refize ou asistans oswa si ou pa satisfè ak kantite lajan yo ba ou a. Pa trennen, gen yon delè 60 jou pou ou konteste desizyon FEMA yo.